асосланади. Ушбу элементлар ҳарбий хизматчиларни тарбиялашда асосий педагогик таъсир этишга хизмат қилади. Ҳарбий касбий тарбия тизимининг моҳияти асосан давлат ва халқ ҳимоясига, конституцияга содиқ бўлишга, ҳарбий хизматга содиқ бўлишга қаратилган.

Ҳарбий касбий тарбиянинг асосий мақсадининг ҳам элементлари мавжуд масалан: янги ҳарбий хизматга келганларни ҳарбий интизомга ўргатиш, кучли руҳий ҳолатга эга бўлдириш, жисмоний жиҳатдан ҳарбий хизматчини бақувват қилиб тарбиялаш, қурол ва техника билан ишлай оладиган, қўл жангини юксак маҳорат билан бажара олишни биладиган ҳарбий хизматчиларни тарбиялашдир.

Ҳарбий хизматчиларни касбий тарбиялашда ҳам бир қанча муаммолар, қарама-қаршиликлар юзага келиб туради. Бундай муаммолар албатта барча тарбия объектлари томонидан ҳал этилиши давр талабидир. Ҳарбий хизматчилар орасидаги муаммолар ўзининг турли-туманлиги билан ажралиб туради. Баъзи муаммолар ҳарбий тарбия жараёнини мураккаблаштиради, баъзилари эса тарбия жараёнини ўзгартиришни талаб этади, бунинг учун эса тарбиянинг энг қулай усулларини қўллашга тўғри келади. Шунинг учун ҳам тарбияда узлуксизлик мавжуд бўлиб, ушбу узлуксизлик ҳарбий педагогикага ҳам бевосита тааъллуқлидир.

Ҳарбий касбий тарбияда эски қарашлар, янги қарашлар деган тушунча бўлиши мақсадга мувофиқ эмас, олдинги (катта) авлод билан кейин (ёш) авлод ўртасидаги дунёқарашда, тарбия услубида ҳам фарқ бўлиши керак эмас, иккала авлоднинг ҳам ҳарбий касбий тарбияда мақсади битта, Ватанга содиқ ҳарбий хизматчиларни тарбиялаш.

Ҳарбий-касбий тарбияни ҳар бир ҳарбий хизматчи билан олиб бориш учун ҳам уларга дифференциал ёндашув талаб қилинади. Ҳарбий тарбия жараён сифатида ўзининг қонуниятларига эга, қонуниятлар эса тарбиянинг элементлари билан тарбия жараёнидаги ҳамкорликка хизмат қилади.

Ҳарбий-касбий тарбия муддатли ҳарбий хизматга чақирувдагилар, шартнома асосидаги ҳарбий хизматчиларга, (офицер ва сержантлар тарбиясидаги) алоҳида ёндашувни талаб этади. Ҳарбий хизматчиларни касбий тарбиялаш бевосита ҳарбий таълим билан ҳам боғлиқдир. Таълим билан тарбияни айниқса ҳар соҳада бир-биридан ажратиб бўлмайди. Ҳарбий таълим назарий, амалий йўналишда бўлишидан қаътий назар ҳарбий ватанпарварлик, ҳарбий касбий тарбияга йўналтирилади.

Баъзиларда ҳарбий таълим билан ҳарбий тарбиядаги ўзаро ҳамкорлик тўғрисида нотўғри тушунчалар юзага келган, масалан, ҳамма офицерлар ҳам таълим беришда амалий билимларни ҳарбий педагогик жараёнга қўллай олмайди, уни қўллай олиши, ёки қўллай олмаслиги аввало офицернинг билим, касбий маҳорати, тажрибаси, керак бўлса олдига қўйган мақсадига ҳам кўп жиҳатдан боғлиқдир.

Хулоса ўрнида айтиш мумкинки, бизнинг ҳарбий хизматчиларимиз ўзларининг фаолиятида катта педагогик тажрибага эга бўлиб, офицерларимиз қанчадан-қанча қўмондон, генерал, Ватан ҳимоясида қурбон бўлган, қанчадан-қанча қаҳрамонларни тарбиялаган. Ҳарбий хизматчиларнинг касбий фаолияти офицерлар, сержантлар, курсантлар ва аскарларда компетентлик ва уларнинг таркибига кирувчи муҳим компонентлар, механизмлар, тамойилларни шакллантириш, шунингдек, ўқув фаолиятининг касбий йўналганлигини таъминлашга ёрдам берадиган педагогик шарт-шароитларни яратиш ҳарбий билим юртлари ва сержантлар тайёрлаш мактабларининг ўқув тизимини такомиллаштиришнинг муҳим вазифаларидир. Юртимизда фан ва техниканинг ривожланиши, ҳарбий соҳанинг замонавий техникалар билан таъминланиши, шунингдек, янги таълим технологияларининг яратилиши ва бошқа шу каби ҳозирги замонга хос ўзгаришлар таълим жараёнини ташкил этишга нисбатан кун сайин янги талаблар қўймоқда. Талабларнинг амалга оширилиши натижасида янги билим ва кўникмалар шаклланиши билан бирга ҳарбий соҳадаги фаолиятни янада такомиллаштиришга замин яратади.

**Адабиётлар**

1. Ефрелов О.Ю. Военная педагогика: Учебник для вузов. СПб. –Питер: 2008, -С. 640.
2. Маҳмудов Р.М., Икматуллаев Ғ. Ҳарбий педагогика. Ўқув қўлланма – Т.: 2018, 175-б.
3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Фармони. Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида/Расмий нашр/Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги. – Тошкент: «Адолат», 2017, 112-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола ҳарбий-хизматчиларни ҳарбий-касбий тарбиялаш жараёнини ўрганиш масалаларига бағишланган. Шунингдек, мақолада ҳарбий касбий тарбиянинг объекти, предмети, мақсади ёритилган. Ҳарбий соҳада таълим жараёни учун дифференциал ёндашув зарурлиги тавсия қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена вопросам сложности и длительности процесса воспитания военного профессионализма у военнослужащих. В ней рассматриваются объект, предмет и цель военного профессионального воспитания. Было выявлено, что необходим дифференциальный подход в обучении в военной сфере.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of difficulties in the process of professional education of military stuff. The author of the article studies the object, subject and goal of military professional education. It has been found out, that it is necessary to use differential approach for teaching in the military sphere.

## «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНДА АҚЫЛ ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов** – *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ақлий тарбия, англаш мотивлари, интелектуал маданият, билиш даражасининг мажмуи, маънавий-инсоний нуқтаи назарлар, ишни ақл билан бошқариш, яшаш орзу қилмоқ, ақлий ривожланиш, билимларни эгаллаш.

**Ключевые слова:** умственное воспитание, мотивы познания, интелектуальная культура, совокупность процесса познания, духовно-гуманистическая точка зрения, вести дело с умом, жить, мечтать, умственное развитие, владеть знаниями.

**Key words:** mental education, motives of cognition, intellectual culture, a set of cognitive process, spiritual-humanistic point of view, to do business well, to live, to dream, mental development, to possess knowledge.

Ҳәзирги ўақытта гүллеп, ҳәр тәреплеме раўажланып баратырған Өзбекстан Республикасы келешегимиз болған жас әўладтың ақылый жақтан раўажланып барыўына, оларға берилетуғын ақыл тәрбиясына айрықша дыққат аўдарып атыр. Себеби, ҳәммеге мәлим болғанындай ақыл тәрбиясының тийкарғы мақсети келешегимиз болған жаслардың улыўма дәрежесин раўажландырыўдан, олардың билиў мотивлери, ойлаўы,

көзқараслары ҳәм интеллектуал мәдениятын қәлиплестириўден ибарат.

Педагогикалық әдебиятларда көрсетилиўинше, «…ақыл – бизди қоршап турған барлық ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң нызамлықларын сәўлелендиретуғын мийдиң функциясы ҳәм билиў процесиниң жыйнағы саналады» [4:319]. Сондай-ақ, ол «…инсанның өз ерки, қәлби ҳәм ой-пикирлери тийкарында дүньялық, турмыслық ҳақыйқатларды аңлаў ҳәм оларға өз хызметинде руўхый – адамгершиликли көзқарастан әмел қылыў имкәниятын беретуғын саўғасы» [4:319].

Ақыл тәрбиясына өткендеги уллы бабаларымыз да айрықша итибар берген. Олар қудайдан бала тилегенде, «Ҳа қудайым бала бер, ақылы пүтин дана бер…» [2] деп тилек тилеген. Тәрбия процесинде жасап турған орталығының да тәсир күшлерин инабатқа ала отырып, улы ержетерде улы жақсы менен, қызы ержетерде қызы жақсы менен қоңсы болыўға ҳәрекет жасаған.

Мине, усындай ақыл тәрбиясына байланыслы ой-пикирлер, қөзқараслар халық дәстанларында, аңыз әңгимелеринде көплеп орын алған. Филология илимлериниң докторы Н.Жапақов дәстанларды «…оғада үлкен мәдений байлық» деп тастыйықлайды [3:142]. Дәстанлар тек ғана мәдений байлық болып қоймастан, үлкен тәлим-тәрбия қуралы да болып табылады. Мине, усындай халық дәстанларының бири «Шәрияр» дәстаны [5]. Профессор Қ.Айымбетов «Халық даналығы» атлы мийнетинде «Шәрияр» дәстанының ең ески дәўирлерде дөрелгенлигин атап өтеди [1:103-105]. Демек, бул дөретпе ең ерте дәўирлердеги тәлим-тәрбиялық ой-пикирлер үлгиси деген де сөз. Себеби, дәстан материалларында ақыл тәрбиясына байланыслы эпизодлар көплеп өз сәўлелениўлерин тапқан.

Биз бул илимий мақаламызға материал топлаў барысында белгили қарақалпақ жыраўларынан Өтенияз ҳәм Қуламет жыраў вариантындағы «Шәрияр» дәстанын үйренилетуғын объект сыпатында таңлап алып, олардағы ақыл тәрбиясына байланыслы мәселелер бойынша салыстырмалы түрде үйренип шығыўды мақул деп есапладық. Мысаллар келтирейик.

Өтенияз жыраў вариантындағы дәстан материалларында Шаҳидарап патшаның өзиниң ақыл менен ис тутатуғынлығы көрсетиледи. Ол бийперзентликтен ғамгүн болып, түнде ел аралап кетип, биймезгил жанып турған отты көргенинде де ақыллылық пенен ис тутады. «Оттан хабар алайын, халқым яқшы дермекен, яман дермекен [5:14], деп отқа жақын барады. Халықтың өзи ҳаққындағы пикирлерин тыңлап көриўге болған құштарлық патшаның ақыл менен ис тутатуғынлығынан дерек береди. Нәтийжеде, от әтирапында отырған үш қыздың екеўиниң патша басқарып турған мәмлекеттиң экономикасын көтериўге жәрдем бериўди қыял етип, ал ең кишкенесиниң патшаның бийперзентлигине жаны ашып отырғанлығын ҳәм олардың ишиндеги ең кишкенесиниң «егер, патша өзин алса, бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, бир ул, бир қыз туўып бериў мүмкиншилигиниң бар екенлигин» айтқанын еситип, оғада үлкен қуўаныш пенен сарайға қайтады. Қызлардың үшеўин де сарайға алдырады. Олардағы ўәдеге опадарлықтың ақыл-парасат нышанларын сәўбетлесиў арқалы билип алып, ең кишкене қыз Гүлшараға үйленеди.

Деген менен, Гүлшарадан туўылған ул менен қызды патша дәслебинде көрип, қуўанышқа бөлениў бахтына миясар болмайды. Гүлшарадан туўылған Шәрияр менен Әнжим көп қыйыншылықларды басынан кеширип, Шаҳидараптың елиндеги Сасыўар байдың улы-қызы болып мектепте оқып саўатын ашады. Мектепте жети жылға шекем Шәрияр Әнжимнен, Әнжим Шәриярдан қалыспай оқып билим алады. Нәтийжеде Шәрияр анасына бул жердеги илимниң барлығын үйренгенлигин, енди басқа қалалардан илим излеўиниң лазымлығын түсиндиреди.

Шәрияр атасының жылқыларын бағып жүргенинде, жанындағы кәл баланың «Шәрияр аға… қойды ким бағады, малды ким бағады, жылқыны ким бағады» деген астарлы сораўларынан ҳәм баланың ақыллылық пенен берген усынысынан кейин өзине жылқы бағып жүриўдиң мүнәсип емеслигин түсинеди. Нәтийжеде Шәрияр атасына барып өзине тулпар бериўин өтиниш етеди. Атасы Әнжимниң усынысына муўапық Шәриярға тулпарды бериўге келисим береди. Қосымша түрде он төрт өжире «қызыл»ды алыўды да усыныс етеди.

Ақыллы адамлар қанаатшыл болады. Шәрияр да атасының беремен деген он төрт өжире «қызыл»дың барлығын «атам маған берди» деп ала бериўди өзине мүнәсип көрмейди. Сонлықтан да өзиниң ойға алып жүрген ибратлы ислерин әмелге асырыў ушын он төрт өжире емес, ал жети өжире «қызыл»ды жеткиликли деп есаплайды.

Атасының берген тулпарын минип, жети өжире «қызыл»ға ийе болған Шәрияр үлкен дүнья-мүлкке ийе болғаннан кейин де көзиниң алды қараңғыланып, ойламай ис етииўди өзине намақул көреди. Ақыллылық пенен ис тутады. Қарақалшы қумарпазларға қосылмайды. Сарыдәрья деген жерге барып бағ жаратады. Жети жылда Шәриярдың бағы кәмалға келеди. Дүньяға ҳаўазасы жайылады. Нәтийжеде бул бағды келип көриўге болған басқалардың қызығыўшылығы арта түседи. Өзин өлтирмекши болған Мама кемпир де «арнаўлы тапсырмаға муўапық» бағды көриўге келеди.

Шәрияр мама кемпирдиң айтыўы менен өзиниң жаратқан бағынан да гоззал бағды өз көзи менен көриў ушын Сулайманның журтына сапар шегип кеткенинде, Жулдызшаның қаласында патшалық етип отырған Қундызхан перий менен ушырасыў ҳәм айтысыў шарапатына миясар болады. Айтыс барысында Қундызхан перийдиң берген астарлы сораўларының барлығына да Шәрияр ақыл жүўыртып, мүнәсип жуўапларын табады.

Шәриярдың берген жуўапларына қарап отырып биз көктен жерге доланғанның – булт, қолын жайып тиленгенниң – дәрўиш, қызыл қанға боялғанның – шейит, сүўрети бар, жаны жоқтың – қара жер, ақ жүзиниң қаны жоқтың – ант ишкен адам, қанатының пәри жоқтың – жәбирайыл, ишпей-жемей тойдырғанның – ийман, жуўмай жерге қойдырғанның – ҳадал мийнет, табанынан сойылғанның – сүтхор, жатар қары ериместиң – гоҳиқап, бир жылда он еки ай, үш жүз алпыс күнниң бар екенлигин билиў имкәниятына ийе боламыз.

Ақыллы адам сершил болады. Ол көрген, еситкен нәрселерин салыстырмалы түрде қабыллайды. «Шәрияр» дәстанының Қуламет жыраў вариантында Әнжим ағасы Шәриярды излеп киятырып еки айдарҳаның урысып атырғанын, олардың биреўиниң әззирек екенлигин сезип, әззи жағына жәрдем қолын созады. Әззи болып турған айдарҳа Емен хан болып шығады. Ол қызын Әнжимге некалап бергенинде, қызы өз әкесиниң еркек пенен нашарды ажырата алмағанлығы ушын қапа болады. Ал, Емен хан болса өзиниң сершиллиги, сыншыллығы, ақыллылығы менен әлле қашан Әнжимниң нашар екенлигин абайлаған еди. Соның ушын да ол қызына қарап айтқан сөзлеринде:

Тилектиң қабыл ўақтында,
Әнжим таяр болғанды.
Қолына алған қылышын
Шеп жағынан салғанды,
Сонда билдим нашарын.
Ол жыланды өлтирип,
Көп жақсылық қылдың, деп,

Ал, алдымда жүр, дедим,
Әстелик пенен аяғын,
Ибалық пенен жүргенде,
Сонда билдим нашарын.
Ол кейниме бир ерип,
Алтын тахқа келгенде,
Ишарат қылдым тахтыма,
Тахты мас емес дегенде
Сонда билдим нашарын. [5:199], деп

Әнжимди үш мәртебе сыннан өткергенлигин баян етеди. Дәстандағы бундай сүўретлеўлер оқыўшы-жасларда сершиллик ҳәм сыншыллыққа болған хәўести тәрбиялаў ислерине жақыннан жәрдем береди.

Дәстандағы Әспижаҳангир ат барқулла Шәриярды ақыл менен ис тутыўға шақырып турады. Оған тәселле береди. Менменликке берилмеў кереклигин, жети өлшеп, бир кесиўдиң абзаллықларын түсиндирип барады. Мәселен, Шәрияр қарындасы Әнжимниң жәрдеми менен Сулайманның тахтына ийелик еткеннен кейин, өзинде бираз менменлик көринислери пайда бола баслайды. Ол өз қаласын атасы Сасыўардың қаласының оң жағына әкелип қондырғаннан кейин, «атам Сасыўар менен енем Ақдәўлет кәраматымды көрип сүйсинсин» деген мақсетте атасына еки адамды шақыртыўшы етип жибереди. Ата-енеси Шәриярдың елге аман-есен қуўысқанлығын еситип, жүрегин қолына алып, қустай ушады.

Аспижаҳангир болса, Шәриярдың қәтеге жол қойғанлығын абайлап, оны «…атаңды үстиңе шақыртып, атаңнан уллымедиң, Шәрияр» деп Шәриярды ақыл менен ис тутыўға шақырады. Әспижәҳәнгир усы тақылеттеги сөзди баласының Шаҳидарап патша менен ушырасыўы алдында да айтып, Шәриярды ақылландырып турады. Нәтийжеде Шәрияр өзиниң қәтеликке жол қойғанлығын сезип, атасының алдына өзи шығыўға қарар қабыл етеди.

Жуўмақлап айтқанда, дәстан мазмунында берилетуғын ақыл тәрбиясы жаслардың дүньяға болған көзқарасын қәлиплестиреди. Мектепте алған билим, уқыплылық ҳәм көнликпелерди турмыста шебер қоллана билиўге, ақыл күшлерин раўажландырыўға, қыйыншылықларды шыдамлылық пенен жеңиўге үйретеди. Сонлықтан да «Шәрияр» дәстанында сәўлелендирилген ақыл тәрбиясы мәселелерин оқыўшы жасларды тәрбиялаў ислеринде ақылға муўапық пайдалана билиў сөзсиз өзиниң унамлы нәтийжесин береди.

**Әдебиятлар**


1. Ayımbetov Q. Xalıq danalı ǵ ı. -Nókis: "Qaraqalpaqstan", 1988.
2. Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları. –Nókis: "Qaraqalpaqstan", 1995.
3. Japaqov N. Eske túsiriwler, ilimiy miynetleri (Dúziwshiler T.Mámbetniyazov, X.Seyitov, I.Qurbanbaev, U.Japaqova. Xud. A.Ámetov. –Nókis: «Bilim», 1990.
4. Пазылов А. ҳәм басқалар. Педагогика теориясы. -Ташкент: «Ношир», 2018.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. ХШ том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада "Шарьяр" халқ достонидаги бош қаҳрамон Шарьяр образини таҳлил қилиш асосида достондаги ақлий тарбия масалаларини ўрганишга бағишланган. Тадқиқот материали сифатида достоннинг машҳур қорақалпоқ жировлари – Ўтенияз ва Қулимет жиров вариантларидан фойдаланилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению вопросов умственного воспитания в народном эпосе «Шарьяр» на основе анализа главного героя Шарьяра. В качестве материала для исследования взяты два варианта эпоса известных каракалпакских жырау-Отенияза и Кулымбет-жырау.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of issues of mental education in the folklore epos «Shariyar» on the basis of the analysis of the main hero Shariyar. The authors of the article has taken for the investigation two variants of the epos-of the famous Karakalpak jiraus-Oteniyaz and Kulamet-jirau.


## ИНГЛИЗ ТИЛИНИ ЎҚИТИШ ЖАРАЁНИДА ЎҚУВЧИЛАРГА МАЪНАВИЙ ВА МАДАНИЙ ТАРБИЯ БЕРИШНИНГ ЎЗИГА ХОС ХУССУСИЯТЛАРИ


**Б.А.Арзиева –** *ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** ўқув –тарбия жараёни, миллий тарбия, меҳнат тарбияси, касб танлаш, қобилият, қизиқиш, маданият.

**Ключевые слова:** учебно-воспитательный процесс, национальное воспитание, трудовое воспитание, выбор профессии, навыки, интерес, культура.

**Key words**: educational process, national education, labor education, choice of profession, skills, interest, culture.


Инсон психикаси фақат миқдор жиҳатидан эмас, балки сифат жиҳатидан ҳам ривожланиши, такомиллашиб бориши ва ўзгариши керак. А.С.Выготский психологларнинг ёш даврларини табақалаштириш назарияларини танқидий таҳлил қилиб, муайян ривожланишни вужудга келтирувчи руҳий янгиланишларга таяниб, ёш даврларини босқичларга ажратган. Буларнинг ичида (15-17) катта мактаб ёши, ўспиринликка ўтиш давридир. Бу ёшда болаларнинг ривожланиши жараёнида уларда ўзига хос бўлган турлича ўзгаришлар, психологик янгиланишлар, физиологик ўзгаришлар ҳамда ижтимоий мослашиш каби мураккаб ҳодисалар содир бўлади. Шуларни ҳисобга олган ҳолда ва «Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги фаолиятини такомиллаштириш тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017-йил 30 сентябрдаги ПҚ-3304-сон қарорида берилган вазифалар «умумий ўрта таълим муассасаларида чет тилларини ўқитиш самарадорлигини таъминлаш, ўқувчиларни касб-ҳунарга йўналтириш ва меҳнат таълимини яхшилаш бўйича комплекс чора-тадбирларни амалга ошириш, ўқув-тарбия жараёнида ўқитишнинг замонавий илғор шаклларини, янги педагогик ва ахборот технологияларини, ўқувчиларнинг ўқув, психологик ва жисмоний юксалишини оптималлаштиришни ҳисобга олган ҳолда таълим-тарбиянинг самарали шакллари ва усулларини жорий этиш» деб кўрсатилиб, буларни бажариш мақсадида инглиз тилини ўқитиш жараёнида ўқувчиларга маънавий, миллий ва маданий тарбия беришнинг педагогик жиҳатларини ўрганишга ҳам эътибор берилиши лозим [1].

Умумий ўрта мактабларнинг 10-11-синф ўқувчилари учун Ф.Рашидова, Н.Тиллаева ва З.Каримова ҳам муаллифлигида чикарилган 10-синф дарслигида кўпгина тарбиявий мазмунга эга текстлар берилган. Бу текстлар ўқувчиларга маънавий тарбия беришда катта аҳамиятга эга. Масалан: «Менинг Ватаним- менинг ғururим» текс-ти бор. Бу текстда Узбекистон ҳақида, унинг диққатга сазовор жойлари, Тошкент метроси, тарихий ўринлари ҳақида кўпгина маълумотлар берилган. Самарканд, Бухоро ва буюк саркарда Амир Темур ҳақида, шунингдек,